SIY AVÈTISMAN POU TIBEBE KI FÈK FÈT

911 **Rele 911**
si tibebe w la:

- p ap respire
- pa reyaji
- gen yon kriz

FÈ ENTWISYON W KONFYANS

Ale nan sal dijans oswa nan swen ijan
si tibebe w la gen:

- difikilte pou li respire
- yon chanjman sibit ki fèt nan koulè li
- vomisman vèt

Rele pwofesyonèl swen sante
tibebe ki fèk fèt ou a si tibebe w la:

- gen yon tanperati kòporèl ki pi ba pase 97.7°F (36.5°C) oswa ki depase 100.4°F (38 °C)
- pa manje byen
- gen yon chanjman nan kouchèt mouye oswa kouchèt sal li
- prezante siy maladi oswa enfeksyon
- gen zye oswa po ki gen koulè jòn
- ap kriye plis pase jan li konn abitye kriye

Siy avètisman pou tibebe ki fèk fèt sa yo kapab menase lavi si yo pa resevwa swen medikal.

- **Si tibebe w la p ap respire,** kòmanse fè Resisitasyon Kadyo-Pilmonè (CPR) pou li touswit.
- **Yon tibebe ki pa reyaji** gen kò lage oswa ki san okenn fòs tankou yon poupe twal epi li pa kapab reveye.
- **Kriz** se mouvman ritmik ki pa abityèl ke w pa ka rive kanpe.
- **Tibebe w la ka gen difikilte pou li respire si:**
  - li gen yon poz nan respirasyon li ki enkyete ou
  - l ap respire rapid (plis pase 60 respirasyon pa minit)
  - li pwodui son lè l ap respire (souf anlè oswa sifleman)
  - anba kòt li oswa mitan kòt li yo antre epi/oswa kou li antre chak fwa li respire
- **Yon chanjman sibit nan koulè li** vle di tibebe w la ka vin ble, gri, oswa pal, sitou nan zòn bò bouch/po bouch/ lang li.
- **Vomisman vèt** kapab se yon siy ki endike yon ijans chirijikal.

Non/Nimewo Pwofesyonèl Swen Sante a:

_____

Lopital pou Swen Pedyatrik ki Pi Pre a:

_____

- **Si tanperati kò tibebe w la ba oswa li wo**, pwofesyonèl swen sante w la pral fè w konnen kisa w ap gen pou fè.
- Men kèk **siy ki montre w ke tibebe w la p ap manje byen**:
  - vomisman ki pa abityèl
  - li manje mwens pase 8 fwa pandan 24 èdtan
  - se pou yo reveye l regilyèman pou li kapab manje
  - li refize manje a plizyè repriz
  - li pa kapab souse ni vale byen
  - li vin pase mwens tan ap manje oswa li konsome mwens pase kantite li konn abitye konsome nan yon bibwon
- **Yon chanjman nan kouchèt mouye oswa kouchèt sal** vle di:
  - li vin pase mwens kouchèt mouye pa jou
  - vant li vin parèt pi won e pi di pase jan li abitye ye
  - san nan kouchèt la
- **Siy maladi oswa enfeksyon yo** ka gen ladan yo woujè oswa drenaj nan kòd lonbrik la, senyman oswa likid k ap soti nan kote li sikonsi a, tous, nen k ap koule oswa ki bouche.
- **Zye oswa po ki gen koulè jòn** endike siy lajonis ke yon pwofesyonèl swen sante ta dwe evalye.
- **L ap kriye plis pase jan li konn abitye kriye a** sa vle di tibebe w la ap fè rechinya anpil epi li difisil pou konsole.

Chak tibebe inik. Kwè nan konesans ou genyen de tibebe w la epi rele pwofesyonèl swen sante tibebe w la si ou remake kèk siy ki enkyete ou.

AWHONN
PROMOTING THE HEALTH OF WOMEN AND NEWBORNS

©2026 Association of Women's Health, Obstetric and Neonatal Nurses. Tout dwa rezève. Li otorize pou w fè otan kopi enprime ke w vle nan objektif pou fòme enfimyè yo sèlman. Pou tout lòt demann pou repwodiksyon, tanpri, kontakte permissions@awhonn.org.